


VINI, SWIV MWEN

 Ebyen, non, se te anvan Becky te fèt. E konsa m—m te panse: “Ebyen, ou konnen. . .” M—m jis manje yon bòl avwàn, ki koute dis kòb. Ebyen, m jis. . . Yo ban m fich mwen, e m jis siyen l, ou wè, epi m te peye pou li, retounen l, epi remèt li, paske mwen te gen yon kont pou depans.

² Epi yon jou lè nou te gen yon—yon reyinyon patwouyè. “O la la,” yo te di, “ki egare sa a ki remèt ou bagay konsa?” Ou wè? Sipèvisè a—a, ou konnen, “Dis kòb pou yon dejene?” Konsa sa te parèt raz pou lòt zanmi yo, ou konnen. Kèk ladan yo remèt yon dola, ou wè; de dola pou manje midi. E m remèt jis egzaktaman sa l te ye a.

³ Ebyen, m te di: “Bon, kounye a, pa gen okenn bezwen pou m remèt. Kisa m ta fè si m jis manje, pou dis kòb?”

⁴ Mesye Fields, ki te asistan sipèntandan an, li di: “Billy, remèt yon dola, kanmèm, omwen.” Li di: “Se sa ke rès lòt yo ap fè.” Li di: “Ou dwe gade sa ansanm.”

⁵ “Ebyen,” mwen di, “mwen—mwen pa janm manje ke jis yon bòl avwàn, e se sa m mande pou peye m.”

Mwen di: “O, piga, ou janm fè sa.”

⁶ Ebyen, alò mwen te panse: “Ki sa m pral fè ak sa?” Alò, m te mande senkant kòb pou dejene a. Apre sa m retire karant kòb ladann, si m vle achte yon bagay, bay kèk timoun ki nan lari a; kèk timoun, ou konnen, ki te sanble yo bezwen yon vye ti sandwich, sandwich, tou. Ebyen, mwen te panse petèt m ta ka. . . Oke, se te konpayi an, li menm, ki t ap pale avè m konsa. Se te yon nonm ki sòti nan konpayi an.

Alò, m te panse: “Petèt m te fè yon bagay ki mal.”

⁷ Alò isi a sa pa fè lontan, ak yon patwouyè. . . Kounye a, yo fè patwouy nan elikoptè, ou wè. Alò li te vini epi li te rete. Li di: “Di m, Frè Branham,” li di, “pyebwa sa a ap grandi.”

Mwen di: “wi.” Mwen di: “Ti moun jwe anba sa la a.”

Li di: “Èske nou ka taye l?”

Mwen di: “Wi, men pa koupe l. Ou wè?”

Li di: “Ebyen, nou ta renmen koupe l. Nou va peye w pou li.”

⁸ Mwen di: “Non. Non. M pa vle w koupe l.” Ebyen, mwen konnen lwa sou dwa pasaj la, tou, ou konnen, paske m te ladann diran sèt lane. Mwen di: “Non.” Mwen di: “M pa vle yo koupe l, men ou ka taye l.” Mwen di: “Mwen—mwen toujou taye l, men,” mwen di, “ou kapab. Ou ka taye l si w vle.” Mwen di: “Mwen, Frè Wood avè m, n ap aranje nou pou taye l. Nou taye tout lòt sa yo ki bò isi a.” E mwen di: “Men, nou ta renmen kenbe sa la

a poutèt ti moun yo, Joe ak yo, ou konnen, ti kanmarad ki konn jwe anba pye bwa sa a.”

⁹ Mwen t ale nan yon vwayaj. Lè m te tounen, yo te siye l epi deplase l la a. O, ala yon pwosè yo ta fè konpayi a, ou wè, poutèt li koupe pye bwa sa a, ou wè. E konsa mwen te panse: “Bon,” mwen di, “Seyè, m pa pral menm mansyone sa.” Ou wè? “Si gen nenpòt ki bagay, sou sa, ke m—ke m, ap remèt pafwa, manje pou dis kòb sèlman, epi ou dwe remèt ‘senkant kòb.’” Ou wè? Mwen di: “Si gen yon bagay sou sa, lese sa tonbe, ou wè, sa—sa mwen—sa mwen mete l anndan, ou wè. Sa mwen . . .” Epi mwen sispann reve osijè de mwen nan Konpayi Sèvis Piblik depi lè sa a, ou wè, paske sa te dwe kichòy nan tan sa a.

Nou dwe siveye sa n ap fè. Nou gen pou n fè fas ak sa yon jou.

¹⁰ Timoun yo, k ap vinn isi a. Manman nou te pase, lòt jou, Trudy. Mwen devine ke nou pa t, nou pa t konnen. Se yon sòt de sipriz, m ka wè. Epi n ap prepare n pou gradye. E nou gen pou n fè vwayaj sa a isit la ansanm. Mwen pral nan yon reyinyon kounye a, touswit apre reyinyon sa a. Epi nou pral lakay nou.

¹¹ Mwen te panse li t ap yon bòn okazyon pou m pale ak nou tout, epitou mwen te panse li t ap bon pou m pale ak timoun yo jis yon ti kras anvan ke yo gradye. Li yon vèsè nan Bib la, jis pale ak nou ak tout kè m, pou anviwon dis minit. M ap rale kò m nan chimen w. Ou wè?

¹² Anvan mwen pale ak timoun yo, mwen ta jis renmen pale ak granmoun yo jis yon minit, tou, ak nou tout. Se kounye a, petèt, petèt yon vwayaj difisil, sa te ye. Men, eksperyans ke m te aprann de Bondye, mwen pa t ap pran dimil dola pou sa m te aprann de Seyè a depi m te isit la. Mwen vrèman kwè ke m vin nan obeysans total a kòmand Tou Pwisan an, epi mwen—mwen espere ke m ap toujou rete jan sa a. Epi gen yon . . .

¹³ Lè m rive, yon bagay, se te pa yon vizyon, ke m te kanpe anwo Tucson bò isit la lè yon—yon—yon eksplozyon te eklate. Ebyen, Frè Fred te la lè l te eklate. E yo te pran foto sa a nan moman an, ou konnen, nan syèl la. E mwen pa t twò panse a sa, m pa t janm remake sa. Alò sa kòmanse kanmenm presyone m, lòt jou. Epi Frè Norman, papa Norma isit la, di m, li di: “Èske w te remake sa?”

¹⁴ Epi jis antan m te gade, la menm Zanj yo te jis reyèl otan ke Yo te ka ye, etale la a nan foto sa a. Ou wè? Mwen te gade pou m wè ki lè l te ye, e li te lè, menm lan, anviwon yon jou oswa de anvan, osinon yon jou oswa de apre m te monte anwo a. Mwen te gade kote l te ye a. “Nan Nòdès Flagstaff, oswa Prescott, ki pi ba Flagstaff.” Ebyen, se jis bò kote nou te ye a, ou wè, jis egzaktman.

¹⁵ “Karantde kilomèt an wotè.” Ebyen, vapè pa ka ale pi wo—pi wo ke sis, sis kilomèt an wotè, oswa uit, imidite, nenpòt kalite bwouya oswa sa l ye a, ou wè. Avyon yo vole a sismil mè. Sa se

pou vole anwo tout nyaj yo, ou wè. E sismil mèt se anviwon sis kilomèt an wotè. Sa se karantde kilomèt an wotè, epi karantuit kilomèt an lajè, epi nan fòm piramid la, si w te gade foto a.

16 Epi sou bò dwat la, janm te di w la, m te remake, se ekstraòdinè, Zanj sa a. Men Li, pwatrin bonbe, zèl yo pa dèyè, k ap avanse dwat, jis egzaktman jan ke l te ye a. Mwen pa t janm remake l lè Yo fèk . . . Te gen tèlman anpil bagay.

17 Jis pandan m ap desann sou wout la lòt jou, te gen yon bagay ki te rive pale avè m sou zafè a ke mwen—mwen dwe fè. Epi se—se pa mesaj pa m.

18 Gen yon fwa, Leo Mercier te di, te di: “Frè Branham, tan an pral vini apre sa,” li te di, sa fè senk oswa sis lane pase, petèt sèt, li te di, “Seyè a pral chanje ministè w, Frè Branham.” E li di: “Lè Li fè sa, ou pral petèt jis aliye lopital yo, epi mande pou yo kite kabann yo—yo ak bagay konsa.” Sa pa t sonnen byen, byen ke mwen kwè Frè Leo t ap eseye sensè sou sa.

19 Men, li te jis pa t sonnen byen, paske, ou wè, Seyè Jezi nou an pa t janm fè sa. Ou wè? E Li te antre nan lopital yo. Te gen yon sèl nan lopital sa a. Èske w sonje kote l te ye nan Bib la? Pisin Bethesda a. Pakèt pil moun paralize te lonje la, moun ki enfim, moun k ap bwete, ki te avèg, ki fin deperi, ap tann Zanj lan. Bon, se te nan yon lopital esprityèl kote moun tap tann gerizon Divin. E men Gerisè Diven an Limenm te antre epi geri youn epi vire do l. Alò nou pa t ka tann ke yon nonm mòtel, oswa yon ministè prezante l la, ta dwe pi gran ke sa sa te ye a. Ou wè? M pa t ap ka dakò ak sa.

20 Men kòm mwen t ap pare m pou retounen, Sentespri a te vin sou mwen. M te mande Leo yon plim. Mwen te gen yon fèy papye, epi m te ekri l. Li nan trelè l la jodi a, si janmè ou ta monte kotel ye a. Se vye trelè aliminyòm sa a kote m te gen chajman ekipman an. Lè w jis pase nan pòt la, gen yon etajè sou bò dwat la, dirèk devan trelè a. Li plase anba la a. Mwen te mete l la a. Mwen di: “Yon jou ou ka retire l la. ‘Bondye p ap janm chanje ministè a, men Li va chanje nonm ki gen ministè a.’” Se sa k gen pou fèt.

21 Gade, m—m konnen sam gen pou fè, men mwen—mwen—mwen pa ka, m pa ka fè li nan kondisyon kem ye kounye a. Paske, m te gen pou . . . Yon bagay gen pou rive nan mwen, sa va pran Bondye pou fè l.

22 Nou anvizaje retounen lakay nou. Ti moun yo sonje lakay yo, yo tout vle pou tounen. Alò m ap wè kouman pou m ta mennen yo tounen, si Seyè a vle, petèt apre sèvis samdi a, epi alò m a retounen. Apati de la, mwen pa konnen. Men mwen konnen osito ke yon bagay pase nan mwen, pou fè m santi m anvè moun yo, diferan de sa ke m fè kounye a. Mwen te rejte moun yo—yo, ou wè, epi mwen—mwen pat vle gen okenn zafè ak yo ankò. Ou konn sa m vle di, sa m rele “ricky, ricketta,” yo te gen bagay ke yo te fè.

Mwen te preche ak tout senserite, e Bondye te konfime l nan tout jan. “Epi si yo pa t vle kwè L, ebyen, kite yo trankil.”

²³ M ta pral monte anwo a, pou m rejwenn Bud nan sezon lotòn k ap vin la a, n ap tou kòmanse amenajman anwo a. M ap ret tann nan dezè a, kite chevem ak bab mwen pou. E si Seyè a te vle m ale nenpòt kote, Li t ap voye yon pawòl ban mwen, e m t ap desann fèl.

²⁴ Epi sou wout la, pandan m t ap vin lòt jou, Li te rete m. Epi m te wè ki kote . . . kisa m te vin fè. M—m sou wout mwen pou yon lòt bagay kounye a. Epi m te panse, lè m rive lakay, m ta fè sa nou rele yon ti pale kè a kè, petèt mete l sou kasèt, epi lè sa e konsa ke piblik la ta wè poukisa chanjman toudenkou sa a.

²⁵ Kounye a, timoun yo, ann jis . . . Ann gen yon ti mo priyè.

²⁶ Seyè Jezi, nou rekonesan pou moman sa a, nou konnen ke nou reyini isit la, jèn yo ak granmoun yo, ak moun ant de zaj yo. E nou reyini, bò kote sa a Letènite, yon fwa ankò pou pale de Ou epi osijè de bagay ki konsène Lavi etènel.

²⁷ Epi jenn sa yo ki chita isit la aswè a, kèk nan yo ap gradye, kèk deja gradye. Men mwen reyalize, Seyè, yon bagay ki te rive jis kèlke zè anvan gwo chòk sa a, oswa gwo deblozay sa a, te rive anwo sou mòn lan, nan nò Tucson, lè Zanj Seyè yo te desann. Mwen sonje sa k te di, e—e espesyalman osijè de jèn yo. Mwen priye Ou, Seyè, pou ede n konprann. E pèmèt ke m kapab di jèn zanmi sa yo yon bagay, aswè a, ki va ede yo nan vwayaj la. Paske, Seyè, nou tout bezwen èd sa a nan moman sa a.

²⁸ Beni nou tout ansanm. Padonnen peche nou yo. E si nenpòt bagay ke nou te fè depi ke nou te bò isit la, ki pa t fè Ou plèzi, nou priye Ou pou padonnen nou li. Paske nou reyalize, jodi a, ke nou pa gen okenn—okenn garanti pou demen. Nou pa konnen ki sa demen ap pote. Nou dwe prepare jodi a pou rankontre demen. Epi, Papa Bondye, gen yon sèl fason ke nou konnen pou fè sa, ki se, prepare pou wè Ou, paske pe a pe nou reyalize ke nou tout pral fè l. E nou gen pou rankontre l yon lè konsa, oswa nan lapè tankou yon zanmi oswa yon pitit, oswa tankou yon lènmi. Sa pa nan lide n, Seyè, ke nou ta okenn lòt bagay ke Pwòp pitit cheri W. Akòde bagay sa yo nou mande a, nan non Jezi. Amèn.

²⁹ Jodi a, pandan m t ap taye move zèb, byen bonè maten an, mwen te jwenn yon kote nan Bib la, mwen kwè sa ta dwe yon bon bagay pou li nan moman sa a. E se yon . . . petèt pa twò apwopriye pou depeche, men mwen te panse jis pou . . . jis—jis kèk minit, pou pale. Mwen vle li nan sen Lik chapit 18. Tou lè kat ekriyen Levanjil yo ekri sou li. Chapit 18 la ak vèsè 18 la.

Epi yon sèten gouvènè te mande l, li di: Bon Mèt, kisa m dwe fè pou m eritye lavi etènel?

Epi Jezi te di l: Poukisa ou rele m bon? pa gen pèsòn ki bon, eksepte yon sèl, ki se, Bondye.

Ou konnen kòmandman yo, Pa fè adiltè, Pa touye, Pa vòlè, Pa fè fo temwayaj, Onore papa w ak . . . manman w.

Epi . . . li di: Mwen fè Tout bagay sa yo, e mwen kenbe yo depi m te jèn.

Bon lè Jezi te tande bagay sa yo, li te dil: Men ou manke yon sèl bagay: vann tout . . . sa w genyen, epi distribye l bay pòv, . . . ou va gen trezò nan syèl la: . . . vini, swiv mwen.

³⁰ Mwen panse, pawòl la, *Vini, Swiv Mwen*, sa ta dwe pi bon konsèy mwen te ka bay si m t ap pale ak dimil timoun, oswa si m t ap pale ak jis sa mwen ye a. Se yon lòd, e se pi gran bagay ke mwen kwè ke yo pa t janm ofri a okenn moun, epi espesyalman a yon jèn moun: “Swiv Mwen.”

³¹ Ou pral swiv yon moun. Ebyen, ou jis . . . Ou ka sonje sa. Ou pral swiv yon moun. E fason w ap swiv moun lan, asire w ke, kiyès moun sa a ap swiv. Ou wè? Nou . . .

³² Pòl yon fwa te di: “Se pou nou imite m menm jan mwen fè pou Kris.” Pou byen di w: “Jis jan mwen swiv Kris, ou menm swiv mwen.”

³³ E kounye a, nan pwen tounan sa a, etap lavi sa a—sa a kote nou tout rive a. Epi anpil fwa nou tande m ap rele fò “bann ricky, ricketta,” ak bagay sa yo. Se, se laj la. Se nan laj ke n ap viv la. Se pa reyèlman moun sa yo.

³⁴ Moun sa yo se moun menm jan ak nou. Timoun sa yo pa bò isit la ak ti machin kous sa yo, k ap kouri monte desann nan lari a, epi k ap kontinye jan yo ye a, ap finen sigarèt epi bwè alkòl, ak ti jèn fi ki mal abiye, e bagay sa yo, yo se ti jèn fi ak ti jèn gason menm jan ak nou. Ou wè? Yo se imen. Yo renmen. Yo manje. Yo bwè. Yo dòmi. Yo respire. Yo gen pou mouri. Yo se moun jis menm jan ak nou. E poutan yo te . . .

³⁵ Yo posede ak yon move lespri. Yo pa konnen sa. Pa akoz de—de moun yo, men paske, pafwa, kèk lidè ke yo t ap swiv te mennen yo nan move chimen an.

³⁶ Kounye a, nou menm jèn fi ak jèn gason konnen mye ke sa. Nou konnen. Yo te anseye nou mye ke sa. Nou gen pi bon paran, yon fòmasyon ki twò solid pou n fè yon bagay konsa. Nou konnen mye.

³⁷ Men yo pa fèl, ou wè, paske legliz kote yo mache a se legliz modèn, modènis. Epi yo—yo jis viv pou jou a, pou yo pi popilè. E, o la la! Sa ki . . . Moral yo tounen vèti pou yo. Ou wè? Konsa yo, kisa . . . Jan m te di yon fwa, nan yon fim ke m te wè bò isit la, sa pa fè lontan, sou Sodòm ak Gomò, ke fanm sa a ki posede ak demon an te di Lòt: “Sa ke w rele imoral, mwen rele l vèti.”

³⁸ Jezi di: “Jan l te ye nan jou Noe yo, se konsa li pral ye lè Fis de lòm lan va vini.” Alò, nou retounen menm kote sa a ankò.

³⁹ Ann gade zanmi sa a, pou kèk minit, ke n te li de li a. Pa gen dout ke timoun sa a te fèt nan yon bon fwaye, menm jan ak nou timoun. Se bon paran ki te elve l. Paske, sa te pwouve l, lè Jezi te prezante l kòmmandman Bondye yo. Li te di: “Mwen kenbe yo depi m te jèn.” Sa te montre ke li te—li te—li te byen elve. Yo pa t jis rache l yon kote. E ou konnen, li—li te elve pou l te konnen sa ki byen, timoun tankou nou tout ye a. Pwobableman leve ak yon manman epi yon papa ki gen krent Bondye, pou—pou—pou anseye l byen, lè l te yon timoun. Ebyen, sa se byen.

⁴⁰ Petèt, lè l te tankou yon ti bebe, manman l te gen gwo anbisyon pou l yon gran nonm yon jou. Papa l te gen lajan, ki te ka peye lekòl li epi—epi ba li yon edikasyon ke l te ka . . . li ta sòti ak yon bon edikasyon epi li ta dwe yon bagay nan mond lan. Epi ak senserite manman ak papa sa a, t ap edike pitit sa a, epi petèt rive nan moman gradyasyon l tankou ou menm, ou wè, tan an lè l te pase nan lekòl epi li te fè edikasyon l. Pa gen dout ke li petèt te fyète ak kè kontan pou—pou lavi manman ak papa sa a. Pa gen dout, nan jou sa yo, li te gen bon kalite chwal, jan nou gen otomobil, epi yon bon papa ak manman tankou nou tout genyen, k ap veye sou sa, pou te gen bon rad, ak—ak yon machin, epi ka . . . epi jis jwi lavi a, jis yon bagay tankou nou genyen jodi a.

⁴¹ Epi papa a ak manman an avèk . . . ap priye san rete pou ke—pou ke pitit gason yo a pa ta sòti jis yon nonm òdinè, ke li ta yon nonm ekstraòdinè. Tout paran vle sa. Èske nou te tandè Jezi refere a kòmmandman sa a: “Onore papa w ak manman w,” apre sa li te kanpe? Ou wè? E sa se anbisyon nenpòt paran, pou fè sa ki pi miyò pou pitit yo, ke yo kapab, fè edikasyon yo, ba yo bagay petèt ke yo pa t kapab genyen. Se konsa m santi m pou timoun mwen yo.

⁴² M panse, pafwa, nan zafè al lekòl, ebyen; Mwen panse, voye Becky ak Sarah ak Joseph nan lekòl segondè sa yo ak bagay sa yo, kote tout bagay sa yo ap pase a? Mwen kwè ke m pral pran yo epi retounen nan montay la, epi—epi fè edikasyon yo anwo a ak . . . tankou Endyen yo ap viv la.

⁴³ Bon men sa l ye. Sa ki anndan ti moun lan pral gen pou soti. Nenpòt kote li ye a, li dwe, li gen pou l sòti. Si se mal ki anndan an la a, li pral soti nan kan Endyen an. Si se byen ki anndan an la a, li pral soti nan nenpòt ki kan an. Ou wè? Se sa ki anndan ti moun lan, materio ki fè ti moun lan, sa ke w gen anndan w. Epi sa w ye kounyea se sa pwobableman w ap ye tout rès vi w. Ou nan yon pozisyon k ap chanje.

⁴⁴ Ou konn kisa? Katrevensis pou san moun ki konvèti nan Jezikri te fè l anvan venteyen lane. Sa te demontre. Estatistik montre li. Katrevensis pou san sa k vin a Kris, vini anvan venteyen lane. Ou menm, apre ke w pase laj sa a, ou vin plis moulèn oswa byen chita nan fason w yo. O, se posib, se sèten. Yo vini, a swasanndis, katreven, lane, men li ra anpil. Ou wè?

45 Ou fòmè tèt ou lè w jèn. Ou met dezi w sou sa w vle fè, epi sa w vle eseye reyisi nan lavi. Ou panse a sa. Epi pandan ke w ap panse, sèten, panse w, li prezante nan lespri w pa yon bagay enkoni ki—ki domine lespri w. Epi lè l pran fòm nan lespri w, alò ou eksprime l, ke w pral fè l. Epi lè sa dezi w yo mennen w ba li.

46 Alò manman ak papa, ap tann jennonm sa a pou . . . anbisyon l yo vin gran; li gen ase lajan pou reyalize yo. Epi apre, san dout, yo te priye ke—ke jenn gason sa a ta—ta jwenn opòtinite sa a. Ou wè, yo—yo te fè tout sa yo te kapab. Li petèt te gen bon kalite chwal, e—e li petèt te popilè nan mitan medam yo.

47 Epi sa k ta bon pou yon nonm, ta bon pou yon fanm, se youn ou lòt, ou wè, paske n ap pale de lavi moun, de nanm, gason ak fanm tou lè de.

48 Epi, apre tout opòtinite sa a gason an te genyen, ou wè, li tounen yon “avadra,” jan nou rele l la, nan yon kote ke li pat gen pou l te enkyete l twòp. Paran l yo te gen lajan. Li te gen . . . Li te trè . . . Li vin yon gouvènè. Bib la refere a li isi a, de li . . . tankou jèn lan, jèn gouvènè rich la. E nou wè li . . . Nan yon jènaj, petèt nan laj adolesan li, jis soti lekòl, jis apre gradyasyon, petèt, kèk semèn anvan, oswa yon bagay, li vin . . . Li se yon gouvènè, e li te gen tout sa kè te ka dezire.

49 Epi jenn gason an pa t yon ricky modèn. Li se yon bon ti moun. Mwen kwè, lè Lik te ekri sou sa, oswa Mak, mwen kwè se te sa, Jezi te gade l epi Li te fè yon soupi, paske Li te renmen l. Ou wè? Gen yon bagay osijè de ti moun lan. Te gen yon bon pèsonalite ki te akroche avèk ti moun sa a. Ki kote l te soti? De yon bon fanmi ki te anseye l kòmandman Bondye yo, epi ki te asire yo ke li te kenbe yo. Epi li te fè l, depi lè l te piti.

50 Epi ti gason an te gen yon anbisyon; li te vle gen Lavi Etènèl. Li te di: “Bon Mèt, kisa m ta dwe fè pou m eritye Lavi Etènèl?”

51 Ou wè, ak tout sa ke w gen nan mond lan, poutan nanm ki anndan w lan di w ke gen yon bagay ke w bezwen, ke w pa genyen. Jis ak richès . . . Oswa, sa pa dwe toujou richès. Li te ka, popilarite, kèk bèl jèn fi, li te gen bote l pou l ap okipe. Petèt li trè popilè lekòl. Petèt jenn gason an ka gen nenpòt ki jèn fi li vle. Li santi l on jan an sekirite. Sa se pa sekirite. Sa pral jis fennen menm jan ak flè nan jaden. Ou wè? Sa ap fini. Sa p ap pran lontan. Jis kèk tou solèy la, se fini, alò ou gen yon nanm ki gen pou viv Etènèlman.

52 Epi jenn ti moun sa a dwe te gen yon bèl pèsonalite, paske li te prezante l limenm kot Seyè Jezi, li te konnen pou l flechi jenou l. Li te di: “Bon Mèt, ki sa m te ka fè pou m gen Lavi Etènèl?”

53 Li di: “Poukisa ou rele M bon,” Li di, “lè w konnen gen Yon sèl ki bon, e ke se Bondye?” Ou wè? Ki sa jèn nonm lan te vle di pa la? Ke li te Bondye. Ou wè? Li di: “Ou konn kòmandman yo. Kenbe yo.”

Li di, alò li di: “ki kòmandman sa yo, Mèt?”

54 Li di: “Kòmandman ki se ‘onore papa w ak manman w,’ e latriye.”

55 Li di: “Mwen fè sa, depi lè m te ti moun. Ou wè, mwen te fè sa.”

56 Li di: “Poutan, ou manke yon bagay. Ale, vann sa w genyen, epi distribye bay pòv yo, epi swiv Mwen.”

57 Gade yon opòtinite! Sa te ka Pyè, Jak, oswa Jan, youn nan yo. Ou wè, ti moun lan te fòme epi byen elve, epi te prezante a Kris, pou itilize l ak tout posibilite ke l te gen nan li yo, pou itilize, pwobableman edike, jèn, rich, enfliyans, kote li te kapab prezante Levanjil la, e poutan li tounen do ba Li. Ala yon—Ala yon bagay insanse ke sa te ye pou jenn gason sa a! Ou wè?

58 “Swiv Mwen.” Kounye a, ou wè, li te dwe swiv yon moun. Bon, li te gen pou swiv swa enfliyans moun ke l te asosye avèk yo, enfliyans kèk jenn dam, kèk enfliyans yon geng jenn gason ke li te asosye avèk yo, kanmarad lekòl li yo, oswa swiv Jezikri. Ak tout bonte l yo, poutan li te konnen li pa t gen Lavi Etènèl.

Ti moun, se a sa nou dwe panse. Ou wè?

59 Kounye a, gade ti gason an aswè a, ki sa l te kab ye, epi ki sa l ye, ki sa li ye aswè a. Li yon kote. Li te yon nonm. Li yon kote. Lap tann Jijman an. L ap tann pou fè fas ak Jijman an nan Jou sa a, tounen do bay menm opòtinite ki prezante a nou menm ti moun yo, prèske nan menm sikonstans lan; bon timoun, bon pèsonalite, bon papa ak manman, sa ke w genyen, ou pa menm dwe travay a mwens ke w vle. Ou wè?

60 Men gen yon lòt bagay ki ale ak sa. Gen yon bagay ki ale ak sa. Pawòl sa a, aswè a, pa janm mouri. Li toujou yon defi pou chak jenn gason, chak jèn fanm, “Swiv mwen.” Ou wè?

61 Pawòl yo p ap mouri. Nenpòt ki lè ou di nenpòt bagay, jis sonje, menm si se nan machin ou an sekrè, menm si se sou chè a, menm si se nan kafou a ak zanmi gason w oswa zanmi fi w, nenpòt kote li ye a, li pa janm mouri. L ap—l ap gen pou viv pou tout tan.

62 Lè m te wè jenn fi sa a ke mwen . . . lannwit pase nan vizyon an, bèl jenn fi, aktris Hollywood la, epi m te wèl ap mouri, ap rale, ap eseye chèche èd. Li te mouri ak yon kriz kadyak, Madmwazèl Monroe. Epi sa te gen anvwon de lane de sa epi m te wè l mouri. Epi de jou apre sa li te mouri vre.

63 Apre sa, lòt nwit lan, mwen te tande vwa jèn fi sa a. Kouman? Timoun yo t ap pede di m: “Papa, ou pral desann nan Rivyè San Retou sa a, tout tan.” Yo di: “Gen yon fim konsa k ap jwe, aswè a.” Yo te di m ke gen yon sèten swa li ta pral jwe, youn oswa de semèn davans. Mwen te panse: “Ebyen, mwen vle wèl, paske m te desann rivyè sa a, de oswa twa fwa; aprepre senk fwa, mwen kwè.” Ebyen, mwen—mwen te vle wè l.

64 Epi Madmwazèl Marilyn Monroe te jwe ladann. Ebyen, se jèn fi sa a ke m te wè nan vizyon an. Epi li te la, nan foto, nan aksyon yo, wòl menm ke l te jwe nan *Rivyè San Retou A*, lè l te pran foto sa a, petèt kenx lane de sa. Se te yon ansyen foto, petèt ven lane de sa. E li te mouri de lane de sa. Epi men li ankò, vivan, chak aksyon e chak pawòl. Ou wè? Li si tèlman toujou pri sou bann mayetik jouk li vivan ankò.

65 Non sèlman sa, men tout sa nou di rete vivan. Chak pawòl ke nou di pa ka mouri. A travè sal la pawòl ap vini kounye a, bann fòm moun. Televizyon kapte l. Ou ka pale drèt isit la, epi yo tande w atravè lemonn, nan menm segond sa a. Menm anvan ou ka tande l nan sal sa a, li ale atravè lemonn, pa elektwonik.

66 Epi gwo ekran Bondye a sezi sa. E chak deplasman e chak zak ke ou fè, ou gen pou rankontre l nan Jijman an. Ou wè? Konsa, jèn kanmarad, se yon bon bagay pou sispann, reflechi sou bagay sa yo, ou wè, paske w pral rankontre l ankò. Ou wè?

67 Ann retrase jèn nonm sa a, opòtinite li te genyen, epi mete w nan plas li. Epi yon jèn fi, jis menm jan Becky ak Marilyn ye, jis tankou menm jan ke w te kanpe nan plas li, epi ou te ka tande Vwa sa a ki toujou vivan.

68 Li toujou vivan. Li toujou ap bouje. Lasyans di: “Nan ven lane apati kounye a, yo pral kapte Vwa literal Li ke L te pale, demil ane de sa.” Li toujou vivan. Tankou yon ti wòch ke yo jete nan lanmè, vag la pa janm sispann. L ale bò rivaj la, dè milye kilomèt, epi li retounen.

69 Lè yon vwa pale yon fwa nan lè a konsa, li pa janm mouri. Pa gen anyen ou ka di lè Jijman an. Li jis la a. Pral gen Vwa Jezikri k ap ofri jenn nonm sa a: “Swiv Mwen,” epi li vire do l, sou ekran an, nan lapenn, paske li te gen anpil byen. Ou wè? Nou ta ka pa menm . . . Se pa dwe toujou lajan. Li ka se lòt bagay. Ou wè? Nenpòt bagay ke nou kenbe pi chè ke sa n fè ak apèl sa a, ou wè, li vin tankou yon lajan pou nou. Li vin yon bagay k ap kowonp nou.

70 Kounye a ann fè yon ti swiv li. Sa k pase lè l vire do l? Li pa t koute Vwa Kris sa a. Li te ale ak zanmi l yo.

71 ki donk, noumenm timoun yo, nou tout se bon ti moun, epi nou fèt pou nou gen zanmi, men siveye ki kalite zanmi nou genyen. Si zanmi sa a ap swiv Kris, ale ak zanmi sa a. Swiv Kris tou. Men si se pa sa l fè, pa fèl.

72 Ann gade l. Nou jwenn ke, petèt li te kenbe zanmil yo. Li te vin yon gran gouvènè. Li te yon gouvènè lè sa a. Pita, nou jwenn zafè l tèlman bon ke li—li—li te fè bati depo anplis pou l ka mete bagay li. Epi li di tèt li, apre ke l fin vye, epi bann traka lajènès ak bagay sa yo te pase, tout sa li te fè, petèt, se te amize l.

73 Lè yon granmoun gason oswa yon granmoun fanm, tankou m, madanm mwen, manman w ak papa w, pa gen apèn anyen ke yo

pa panse. Yo pa kapab, yo pa vle sòti epi—epi kouri monte kouri desann nan la ri yo, ou konnen, tankou—tankou jèn kanmarad ta fè, ak jèn fi yo. Kase renmen, epi kilès k ap vin madanm ou oswa mari w, oswa, ou wè, yo pa gen sa nan lide yo. Yo, yo te gen timoun, ki te enterese yo. Se sa nou tout pral ye demen, si ap gen yon demen. Ou wè?

⁷⁴ Epi gade kanmarad la, lè sa a, ak petèt . . . Petèt li pat menm janmen marye. Epi, sepandan, li te yon gwo gouvènè. Epi li mete sou . . .

⁷⁵ Epi jan sa ye nan Jerizalèm, ankò, jodi a, yo manje sou do kay, moman sa a nan jounen an, lè li fè fre, nan aswè.

Epi nou jwenn yon lòt pèsonaj nan dekò a avè l: yon mandyan.

⁷⁶ Epi nonm lan, ke yo te elve pou—pou onore vwazenl, epi fè pou lòt yo menm sa ke lòt yo fè pou ou. Ou Wè, antan l rejte apèl Kris la, finalman . . . Sanble ke, yon jèn gason ki te elve nan yon kay konsa, pa ta dwe janm elwaye de li, men li te fèl. Li te fèl.

⁷⁷ Epi men yon nonm kouche nan pòtay la, non l se Laza, ki t ap mande l manje, e anven. Li ta ka manje ti kal pen ke l t ap bale yo, pa menm pòv la, men bay chen yo. Epi li te chaje ak maleng. Men nonm lan te tèlman poli nan sosyete, ke alèkile, li pa t gen okenn santiman ankò. Li vin angoudi, paske li te rejte òf Kris la.

⁷⁸ Epi petèt yon jou swa, fwa sa a, li t ap trenke vè ak bon kalite diven, ak bèl dam yo, ki plen bijou, alantou li, ak bagay konsa, ak tout sa kè l te ka dezire, li t ap trenke. Yon mandyan kouche nan baryè a.

⁷⁹ Epi anvan lajounen klere, nan denmen maten, li te nan lanfè, li t ap rele Laza pou l vin met dlo sou lang li. Chanjman dekò a.

⁸⁰ Epi remake, lè l di: “Pè Abraham,” kounye a, li toujou sonje ke Abraham te papa Jwif yo. Li di: “Pè Abraham, voye mandyan Laza sa a desann isit la ak yon ti gout dlo sou dwèt li yo, pou l mouye lèv mwen. Flannm dife sa yo ap toumante m.”

⁸¹ Epi li di . . . epi Abraham di: “Sa, m pa ka fè sa,” nan on pakèt pawòl anpil. “Epi anplis de sa, ou wè, ou te gen opòtinite w nan lavi.”

⁸² Ki lè l te genyen l? Lè Jezi te di: “Swiv Mwen.” Men li te vire do ba li. Li te ale nan chimen ke l te ka fè lajan. E se kòrèk, pa gen anyen mal nan fè lajan, men swiv Jezi pandan w ap fè l. Ou wè? Epi li te pran lòt direksyon an, avèk foul la.

⁸³ Epi nou jwenn, li di, e Abraham di: “E anplis de tout sa, gen yon fose ki drese ant oumenm ak li, ke okenn moun pa janm travèse, e yo p ap janm travèse. Sila yo ki laba a pa ka vin bò isit la a, epi sa ki bò isit la pa ka al laba a. Li te klè. Okenn moun pa travèse oswa pral travèse.”

84 Kifè tande l. Li vle vin yon evanjelis lè sa. Apèl ke Jezi te fè l la, pou—pou swiv Li a, te gen, e pou l te gaye nanm, antan ke yon jenn nonm, te retounen vin jwenn li ankò. Li te vin sonje sa, ke li te gen senk frè, e sou latè, e li pa t vle yo nan plas sa a.

85 Li di: “Voye Laza, alò, tounen pou di frè m yo pou yo pa vin nan chimen sa a.” Pou byen di: “Aksepte apèl la, ‘Swiv Mwen.’” Ou wè?

Men li di: “Yo, yo p ap fè l.”

86 Li di: “Wi, si yon moun ta resisite dè mò, tankou Laza, epi retounen e di yo.”

87 Ou wè, sa montre ke, apre nou fin mouri, nou toujou konsyan. Li te sonje. Abraham di: “Pitit mwen, sonje, nan tan pa w.” Ou wè? Ou toujou sonje. Ou pa pèdi memwa ou. Ou sonje.

88 Epi souvni ke moun te ka genyen, e toujou nan menm plas la, pou l sonje opòtinite ke l te genyen pou tande Jezi di: “Swiv Mwen.” Men li te swiv move moun lan, move foul la. Li te trouve l nan move foul la, e li te ale nan move plas la, li fini nan fo Etènite a; li te aneyanti nan Jou sa a, de prezans Bondye pou tout tan.

89 Jezi tou te di yon gran pawòl frapan, “Menm si yon moun ta resisite dè mò epi retounen, menm sa p ap konvenk yo. Paske, yo te gen lalwa Moyiz, epi si yo pa tande sa, alò yo p ap tande menm si youn ta resisite dè mò. Sa p ap konvenk yo.”

90 Poukisa? Poukisa? Èske lalwa pale de yon bagay konsa? Wi. “Fè pou lòt yo jan w ta renmen yo fè pou ou.” Epi li te viv sou lalwa. Men li kite mandyan an mouri nan pòtay la. Ou wè? Li te—li te viv anba kòmandman Bondye yo, e poutan li pa t ka wè gwo kokenn Lavi Etènèl sa a.

91 Timoun yo, noumenm, chak nan nou, ki sanble ak pa m yo. Noumenm, chak nan nou, ki sanble jis tankou pitit gason ak pitit fi m yo. Nan yon fason, se sa nou ye, ou wè, espiritiyèlman palan. Se vre. Senyè Bondye a mete—mete nanm nou nan menm, paske nou vin, tande m. Nou kwè m. Ou wè? E dapre sans pawòl la, nou se pitit gason m ak pitit fi m. Se vre.

92 Toujou sonje, kenbe kòmandman Bondye yo se yon gwo bagay. Grandi nan yon bon fwaye se yon eritaj ki vin de Bondye. Epi pou nou se bon ti moun ak jan de pèsonalite sa yo ke nou genyen an, se bon sa. Se bèl bagay, pou gen edikasyon. Se bèl bagay pou menm ap viv nan peyi lib sa a. Nou gen anpil bagay pou ki fè nou rekonesan.

93 Men gen yon sèl bagay ke w jis pa eritye. Ou fèt pou aksepte L. Sa se Lavi Etènèl. Epi w pral sèlman fè sa lè w ap swiv Jezi, ak yon eksperyans nouvèl nesans. Pa neglije sa.

94 Yon ti istwa ke m te tande yon fwa, de yon nonm ki te, o, li te pòv. E li—li te toujou vle. . . Se tankou, yon ti kont. Li toujou rete avè m, malgre sa. Epi yon jou li te keyi yon flè. E flè a te

majik, epi flè a te reponn li, e li te di: “Ou te pòv tout lavi w.” Li di: “Kounye a, mande sa w vle, e ou va jwenn li.”

⁹⁵ Li di: “Ke mòn ki laba a louvri, epi ke m ka ale ladann epi jwenn lò a nan mòn lan.”

⁹⁶ “Ebyen,” li di, “ou pral oblije mennen m avèk ou nenpòt kote w prale. Ou wè? Ou pral oblije mennen m avèk ou. Ki donk, kèlkeswa kote m ye a, lè sa a ou ka mande sa w vle.”

⁹⁷ Li te dirijel sou mòn lan, epi mòn lan te louvri, epi li te antre ladann. Etajè yo te chaje ak lò epi dyaman, jan ti kont lan t ap kontinye a. Li te mete flè a sou yon—sou yon tab, oswa, yon wòch. Epi li te kouri e li te pran yon gwo kokenn dyaman, epi li di: “Mwen dwe al montre zanmi m yo sa. Epi kounye a mwen se yon nonm rich. M gen tout bagay kounye a. Mwen dwe montre sa.”

⁹⁸ Epi konsa flè a te pale: “Men,” li di, “ou bliye bagay ki pi esansyèl la.”

⁹⁹ Se konsa li kouri retounen epi ranmasse, li di: “Ebyen, petèt mwen pral—mwen pral pran yon mòso lò. Mwen pral pran yon moso ajan.” Epi li di konsa: “Mwen pral—Mwen pral depeche m, pou m di moun yo ki jan m rich, epi tout sa m te jwenn.”

¹⁰⁰ Epi li te sòti nan pòt la, epi flè a di: “Men ou bliye bagay ki pi esansyèl la.”

¹⁰¹ Alò, li kouri tounen ankò. Li di: “Isit la nou jwenn tout kalite materyo.” Ki donk, li ranmase yon wòch. Li di: “M pral, pran wòch sa a epi montre moun yo ak ki kalite wòch mòn sa a fèt, konsa mwen ka jwenn wout mwen pou m tounen ladann.” Ou wè?

¹⁰² Epi li te konmanse ap kite pòt la, epi flè a di, pou . . . se yon dènye fwa, “Ou bliye bagay ki pi esansyèl la.”

“O” li di: “o, fèmen bouch ou.”

¹⁰³ Ou wè, li pa t vle tande l ankò, “Ou bliye bagay ki pi esansyèl la,” epi li kouri kite pòt la. E lè l te fè sa, pòt la te fèmen deyèl, ak flè a anndan an. Bagay ki pi esansyèl la se te flè a. Ou wè? Bagay ki pi esansyèl la se te flè a.

¹⁰⁴ Plizyè lane de sa, antan ke ti moun, jan nou tout ye a, isit la, te gen elvaj bèf anwo isit la, anwo a nan Phoenix. Mwen t ap li yon atik, sou eksplorasyon, yon atik sou yon eksploratè. Alò, pa t gen okenn wout bò isit la lè sa a, jis ti wout sab yo. Yo toujou fè anpil eksplorasyon isit la, ou konnen.

¹⁰⁵ Men eksploratè sa a te debake, e li te jwenn anpil lajan, e li te tonbe sou anpil lò. Epi antan l sou wout li, li te rete nan yon kabin li te jwenn. Epi li te gen yon chen avèl, epi, chen—chen an, te mare deyò a. Epi nan nwuit lan, te gen yon bandi ki t ap swiv li, pou pran lò sa a. Li te pran l nan vye min Panyòl yo, e li te vin avèl. Epi chen an te kòmanse ap jape.

106 Nonm lan pa t vle chen an deranje l. Li te di: “Fèmèn bouch ou.” Li di: “Denmen, mpral mennen sa a, nan—nan vil la.” Epi, m pral . . . moral istwa a se te sa. “Epi m pral fè peze l, epi m pral yon nonm rich. Epi m pral achte de gwo machin. Epi m pral gen tout kalite fi e fè gwo fèt. E mwen pral yon nonm rich, paske mwen te deja frape reklamasyon an. Mwen gen lò a la a, yon bon valè.” Epi li di, “Mpral . . .”

107 Epi pandan ke l t ap eseye al dòmi, chen an te kontinye ap jape, paske chen an te wè bandi a ap vini, glise kòl la a, ap tann pou eksploratè al dòmi.

108 Li te leve ankò, epi li pran kriye sou chen an ankò, li di: “Fèmèn bouch ou.” Epi pòv chen an ki t ap plenyen epi ki t ap eseye avèti mèt li ke danje a te an kachèt—an kachèt. Epi lè li . . .

109 Pwochèn fwa a, lè chen an te kòmanse ap jape, eksploratè a te gen yon revolvè. Li pa t vle ke yo deranje l, konsa li jis leve epi li tire chen an. Epi bandi a lannwit lan, te touye eksploratè a. Tout bèl rèv sa yo pa t fè anyen pou li. Poukisa? Li tenyen vwa ki t ap avètil la.

110 Pa gen pèsonn ki ka eseye fè anyen, nou menm timoun yo, nou p ap janm ka rive fè anyen ki mal, apre ke nou fin elve jan nou ye a, a mwens ke w ta santi yon bagay di w pa fèl. Bon, pa janm etenn vwa sa a k ap avèti w la.

111 Epi toujou sonje, aksepte Vwa sa a ki di: “Swiv Mwen,” epi w ap toujou byen sòti. Mwen kwè w ap fè sa. Mwen gen konfyans nan nou. Men jis toujou sonje ke Jezi, Vwa sa a, vivan sou tè a aswè a.

112 Jis menm jan, tankou chak vwa epi chak mo ke nou di rete toujou vivan, lè vwa sa a soti sou vag etè an lè a. Nan . . . Ou wè, ou gen yon transmetè isit la k ap voye l ale. Ou se transmetè a k ap voye l ale. Kounye a sa pran estasyon an pou kapte l.

113 E Jezi se te transmetè Pawòl Bondye a, paske li se trinite Bondye a ki manifeste nan yon sèl Nonm. Li te konplètman Bondye e konplètman Òm.

114 Epi trinite Bondye a, trinite atribi Bondye yo, kòm etan Papa, Pitit, ak Sentespri, te reprezante nan yon sèl Òm sa a, Jezikri. Alò, men li, Li te Pawòl la.

115 Li te Transmetè a ki di: “Moun ki tande Pawòl Mwen yo, epi ki kwè nan moun ki voye M lan, gen Lavi Etènel.” Ou wè? “An verite mwen di nou, sila ki tande Pawòl Mwen yo, e ki kwè nan Sila ki te voye M lan, gen Lavi Etènel.” Kounye a, Pawòl sa a te soti nan yon transmetè. Li te di, yon jou: “An verite mwen di ou, si ou di montay sa a, ‘Deplase,’ epi ou pa doute nan kè w, men ou kwè ke sa w te di a pral rive, ou ka jwenn sa w te di a.”

116 Kounye a, si w te ka jis estasyon ki pou kapte Sa a, ak kèk kontwòl ki anndan w, pa lafwa, l ap mennen w tou dwat nan sik Bondye a, nan nouvel Nesans lan, epi ne de nouvo. Alò ou

va toujou an kontak, pou tande Vwa sa a ki va toujou avèti w lè danje ap rive. Lè bagay yo move, yo prale mal, Li va toujou yon avètisman pou ou. Epi, olye ke yon jou ou tankou jèn gason rich ke n ap pale a; se pou w vin yon nonm tankou apot Pyè, Pòl, oswa yon moun k ap genyen nanm pou Jezikri. Se pou nou fè sa, timoun.

Èske nou ka priye?

¹¹⁷ Seyè Jezi! Jèn, gason ak fanm pou demen, si gen yon demen. Nou dwe antrene yo, Seyè. Nou santi fado sa a, pou n antrene yo tankou pral gen yon demen. Si pa genyen, alò, jodi a se jou a.

¹¹⁸ Epi, Papa, nou konnen pa gen yon sèl ki diy devan je W. Okenn chè pa ka glorifye l. Okenn edikasyon, kwake osi bon ke bagay sa yo ka bon, okenn bon zèv, okenn enstitisyon relijye, okenn sikoloji, non anyen pa ka konfime Bondye sinon Sentespri a. Li se enstriman an, Bondye li menm, nan fòm Lavi Etènèl, ki ka vin a noumenm kòm yon endividi. E nou rekonesan pou sa.


¹¹⁹ Verite a te sòti lè Pyè te fè konfesyon an. Jezi te di l: “Se pa lachè e lesan ki revele w sa. Ou pa t janm te aprann li nan yon seminè. Ou pa t janm te aprann li nan kèk lekòl.” Se yon bagay pèsonèl, yon bagay ke chak endividi dwe resevwa. Ou di: “Sou wòch sa a Mwen va bati Legliz Mwen, epi pòt lanfè yo p ap kapab venk li.” Nou rekonesan pou sa, Seyè.

¹²⁰ Vwa sa a toujou vivan aswè a. Epi toujou genyen pòs, avanpòs, pòs k ap koute, estasyon k ap resevwa, lafwa a, ki ka aksepte L. Nou priye pou ke chak timoun sa yo resevwa Sa, Seyè, nan kè yo. Epi sonje sa, se pa sa yo fè pou vin bon, men yo . . . Bondye pa jije nou pou sa nou fè, men pou sa ke nou aksepte. Nou sove pa lafwa, e non pa zèv nou. Alò nou priye Ou, Papa ki nan Syèl la, ke yo pral sezi vizyon an kounye a, epi wè e tande gwo envitasyon Etènèl sa a, ki se “Vini, swiv Mwen.”

¹²¹ Se pou chak nan yo Seyè, vire tounen do bay bagay nan mond lan, vi mòtèl, an dezòd sa a. Jan yo ye isit la aswè a, ak cheve koulè lò blon yo a, epi kèk nan yo ak cheve nwa, ak je nwa, epi je ble, epi yo trouve yo nan yon meyè pozisyon ke yo pat janm ye anvan.

¹²² E tankou gran ekriven an te di: “Sonje Kreyatè w la nan jou jenès ou yo, pandan ke move jou yo pa twò lwen. Konsa ou p ap gen okenn plezi nan yo.” Konbyen, Seyè Jezi, Ou te di Pyè: “Lè w te jèn gason, ou te leve ale kote ou te vle. Men lè w vin gran, yon moun ap charye w pou mennen w kote w pa ta renmen ale.” Fè ke yo sonje: “Kounye a se jou a. Sa se lè a.” Akòde l, Papa.

¹²³ Mwen reklame chak nan yo, pou pwòp pitit mwen, isit la aswè a, pou chak timoun ki isit la. Mwen santi ke Ou mete nan men m, pou m veve sou yo. Mwen reklame yo tout, nan men Satan ak lanmò, pou Lavi nan Jezikri. Amèn.

¹²⁴ Bondye beni nou, ti moun yo. Se te yon plèzi pou m te di nou kèk mo sa yo. Epi m ap retounen ankò, Billy. Ti moun janti, m apresye nou. Frè Fred, Seyè a beni w. Seyè a beni w, sè. 

VINI, SWIV MWEN CRE63-0601
(Come, Follow Me)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on samdi swa 1 jen 1963, nan yon Reyinyon Kay nan Tucson, Arizona, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2020 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org